## QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ XALÍQ BILIMLENDIRIW MINISTRINIŃ BUYRÍǴÍ

**Ózbekstan Respublikasına koronavirustiń kirip keliwi hám tarqalıwınıń aldın alıw boyınsha is-ilajlar baǵdarlamasın tayarlaw boyınsha respublikalıq arnawlı komissiyasınıń 2021-jıl 26-avgusttaǵı 85-sanlı májlisi bayanlaması haqqında**

Ózbekstan Respublikasına koronavirus infekciyası menen baylanıslı epidemiologik jaǵdaydıń turaqlılıǵın támiyinlewde islenip atırǵan is-ilajlardı muwapıqlastırıwın támiyinlew maqsetinde **buyıraman**:

1. Ózbekstan Respublikasına koronavirusınıń kirip keliwi hám tarqalıwınıń aldın alıw boyınsha is-ilajlar baǵdarlamasın tayarlaw boyınsha respublikalıq arnawlı komissiyasınıń 2021-jıl 26-avgusttaǵı 85-sanlı májlisi bayanlaması basshılıqqa alınsın hám orınlanıwı támiyinlensin.

2. Respublikalıq bilimlendiriw orayı (Q.Jubanov) 2021-2022-oqıw jılı baslanıwı múnásibeti menen dástúriy tárizde alıp barılatuǵın oqıw barısına qosımsha oqıw jılında "Online-mektep" joybarın dawam ettiriw maqsetinde;

a) Qaraqalpaqstan Teleradiokompaniyası "Qaraqalpaqstan" telekanalı menen birgelikte "Online-mektep" joybarı sheńberinde telesabaqlar tayarlaw;

b) "Online-mektep" joybarı sheńberinde telesabaqlardı tayarlawda qatnasqan pedagog xızmetkerlerge qosımsha tárizde (tiykarǵı is haqısınan tısqarı) hár bir telesabaq ushın bazalıq esaplaw muǵdarınıń 25% muǵdarında, redaktor hám surdo awdarmashılarǵa hár bir islegen kúni ushın bazalıq esaplaw muǵdarınıń 50% muǵdarında qosımsha haqı, 10% muǵdarında jol haqı tólew boyınsha Ózbekstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministrligine usınıs kiritiw wazıypası júkletilsin.

3. Usı buyrıqtıń orınlanıwın qadaǵalawdı Qaraqalpaqstan Respublikası Xalıq bilimlendiriw ministriniń orınbasarı w.w.a. Q.Bekbaulievqa júklensin.

**Ministr** **R.Reimov**

**Nókis qalası,**

**2021-jıl** 27 - август

198 **-sanlı**